



## **AVI POU MOUN KI GEN LISANS TLC KI KAPAB TE RESEVWA YON SITASYON: TOUT BIWO OATH YO FÈMEN**

Sant odyans OATH la ki chita nan 31-00 47th Ave., Long Island City, fèmen jiska nouvèl lòd.

Ou ka toujou reponn anvan dat odyans ki make sou sitasyon ou an.

### **Men kijan pou w pwograme odyans ou an**

Voye yon imèl bay [RemoteLIC@oath.nyc.gov](mailto:RemoteLIC@oath.nyc.gov) ak yon liy sijè ki di "Remote hearing request" (Demann pou odyans a distans). Imèl ou a dwe gen ladan:

1. Non ou
2. Nimewo sitasyon ou an (nan pati anwo fòm sitasyon ou an)
3. Dat ak lè yo mete pou odyans ou a sou sitasyon oswa avi pou repwograme ou an.
  - *Rapèl:* Ou dwe mande yon odyans nan telefòn nan jou odyans ki make sou sitasyon ou an oswa anvan sa. Si ou pa ale nan odyans ou a nan lè ak dat ki make sou sitasyon oswa avi pou repwograme ou an, y ap twouve ou koupab otomatikman epi ou ka gen plis sanksyon pou peye epi yo ka menm sispann lisans ou a.
4. Si ou gen nenpòt demann pou asistans ak lang, epi lang ou pale a.

### **Èd gratis**

Pou mande yon konsiltasyon fas-a-fas gratis nan Sant Èd OATH la nan odyans ou an, voye yon imèl bay [Manhelpcenter@oath.nyc.gov](mailto:Manhelpcenter@oath.nyc.gov). Pou pale ak Sant Èd la oswa pou kite yon mesaj vokal pou Sant Èd la, tanpri rele (212) 436-0845.

**Si ou bezwen èd rapid, ou ka voye yon tèks ak mo OathHelp la bay (917) 451-8829  
epi yon manm pèsonèl OATH ap rele ou san pèdi tan.**

\*\* Jwenn rapèl nan mesaj tèks sou odyans ou an: Tèks OATHreminder bay (917) 451-8829